# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–08 जनवरी 2026 भोजपुरी समाचार

केंद्र सरकार जनगणना के पहिला फेरा बदे अधिसूचना जारी कइ दिहले हौ। जनगणना क पहिला फेरा येह बरिस पहिली अपरैल से तीस सितम्बर ले चली। एकरे खातिर हर राज्य आ केन्द्रसासित प्रदेस में तीस दिन क समय तय होई। गृह मंत्रालय के अधिसूचना में कहल गइल बा कि येह अवधि के मोताबिक घरन क गिनती सुरू भइले से पनरह दिन पहिले ले लोगिन के खुदे ई जनकारी दरज कइले क सुविधा उपलब्ध होई। एगो रिपोर्ट–

**देश में पहली बार डिजिटल तरीके से जनगणना की जाएगी। इसके तहत यह आंकडे एन्ड्राएड मोबाइल के साथ–साथ आईओएस वर्जन से एकत्रित किए जाएंगे। जनगणना का आंकडा जमा करने के लिए 30 लाख कर्मचारी तैनात किए जाएंगे। इन कर्मचारियों में एन्यूमरेटर, सुपरवाइजर, मास्टर ट्रेनर, चार्ज ऑफिसर और प्रधान या जिला जनगणना अधिकारी होंगे। ये लोग आंकडे एकत्रित करने के साथ ही निरीक्षण और जनगणना के संचालन की निगरानी करेंगे। जनगणना दो चरणों में होगी। पहले चरण में अप्रैल से सितंबर 2026 के बीच घरों की सूची बनाने के साथ ही इसकी गणना की जाएगी। दूसरे चरण के तहत, फरवरी 2027 में जनसंख्या की गणना होगी। नितिका गुप्ता, आकाशवाणी समाचार, दिल्ली।**

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु सोमनाथ स्वाभिमान परब के सुरूआति के मौका पर देसवासियन के बधाई दिहले हवें। श्री मोदी एगो सोसल मीडिया पोस्ट में कहलें कि स्वाभिमान परब भारत माता के ओह अनगिनत संतानन के इयादि कइले क मौका हौ, जे कब्बो अपने सिद्धान्तन आ मूल्यन से समझौता नाहीं कइलें। प्रधानमंत्री कहलें कि जनौरी एक हजार छब्बीस में सोमनाथ पर पहिला हमला भइल रहे। उहां के लोगिन से 'हैशटैग सोमनाथ स्वाभिमान पर्व' के साथे आपन इयादि साझा करत उत्सव में सामिल भइले क निहोरा कइलीं। प्रधानमंत्री इग्यारह जनौरी के 'सोमनाथ स्वाभिमान पर्व' में सामिल होइहें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो अपने सोसल मीडिया प्लेटफारम एक्स पर प्रधानमंत्री क सनेसा साझा कइलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ गोरखपुर प्रवास के दौरान आजु गोरखनाथ मंदिर परिसर में आयोजित जनता दरसन में कई जिलन से आइल लोगिन से मुलाकाति कइ के उनकर समेस्या सुनलें। येह दौरान उहां के कहलीं कि हर मनई के समेस्या क समाधान सरकार क संकल्प हौ। मुख्यमंत्री गोरखपुर के दिवंगत पत्रकार आ रंगकरमी विवेक अस्थाना के परिवारो से मिललें आ उन्हें पांच लाख रूपिया के आरथिक सहायता क चेक दिहलें।

**********

पूर्व कैबिनेट सचिव आ नीति आयोग क सदस्य राजीव गाबा कहले हवें कि प्रगति कार्यक्रम देस में बुनियादी ढांचा से जुड़ल परियोजनन के क्रियान्वयन के नया गति दिहले हौ। एगो रिपोर्ट–

***आकाशवाणी को दिए विशेष साक्षात्कार में पूर्व कैबिनेट सचिव और नीति आयोग के सदस्य राजीव गाबा ने कहा कि प्रौद्योगिकीय विकास, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के वर्ष 2047 तक विकसित भारत के दृष्टिकोण का मूल आधार है। श्री गाबा ने बताया कि प्रगति योजना के अंतर्गत समीक्षा की जाने वाली कुछ परियोजनाओं का चयन स्वयं प्रधानमंत्री द्वारा किया जाता है। उन्होंने बताया कि चेनाब रेल पुल, नवी मुंबई हवाई अड्डा और असम में रणनीतिक रूप से महत्वपूर्ण बोगीबील पुल सहित कई वर्षों से बाधित, प्रतिष्ठित परियोजनाओं को प्रगति योजना के जरिए गति मिली है। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

ई खास साक्षात्कार आजु राति साढ़े नौ बजे आकशवाणी के एफएम गोल्ड चैनल आ अउरियो चैनलन पर प्रसारित कइल जाई।

**********

वाराणसी के सिगरा स्थित डॉक्टर सम्पूर्णानन्द स्पोटर्स स्टेडियम में चलि रहल बहत्तरवां सीनियर नेशनल वॉलीबॉल चैंपियनशिप में आजु उत्तर प्रदेश क महिला आ पुरूष टीमि आपन–आपन मोकाबिला जीति के अगिला फेरा में प्रवेस कइ लिहलें। महिला टीमि प्ले ऑफ मोकाबिला में गुजरात के टीमि के पटखनी दे दिहलसि। ओहीं पुरूष टीमि प्ले ऑफ मोकाबिला में पड़ोसी राज्य उत्तराखण्ड के हरा दिहलें। मोकाबिला के सुरूआति में उत्तराखण्ड क टीमि कांटा क टक्कर दिहलसि बाकिर बादे में उत्तर प्रदेस क खेलाड़ी दमदार खेलि क परदरसन करत उत्तराखण्ड के टीमि के हरा दिहलें।

**********

सोनभद्र जिला के दुद्धी विधानसभा से समाजवादी पारटी क विधायक विजय सिंह गौड़ क आजु दुपहरिया लखनऊ के एगो अस्पताले में इलाज के दौरान सरगबास हो गइल। उहां के पछिला कुछु महिन्ना से बेमार चलत रहलीं।

**********

मौसम विभाग प्रदेस में आजु कहीं–कहीं घना से ले के ढेरे घना कुहेसा परले क ऑरेंज अलर्ट जारी कइले हौ। विभाग के मोताबिक बिहनहू पूरबी उत्तर प्रदेस में कहीं–कहीं घना कुहेसा परले क सम्भावना बा। येह दौरान मौसम सुस्क रही। येह बिच्चे गोरखपुर आ एकरे लग्गे के कुछु अउरियो जिलन में आजु दिन में कुछु देर खातिर घाम निकरल, हलांकि भिन्नहीं आ संझा ठंडी से जनजीवन परभावित रहल।

**********